**दिन–गुरूवार** **दिनांक–23.10.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधि– 05 मिनट

———————————————————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आइ नमो ऐपक जरिए ''**मेरा बूथ सबसे मजबूत**'' अभियानक तहत, पार्टीक बूथ स्तरक कार्यकर्ता सभ सँ बातचीत कयलनि। ओ कहलनि जे भाजपाक लाखों समर्पित कार्यकर्ता, पार्टीक असली ताकत छथि। श्री मोदी कहलनि जे बिहार मे, भाजपा आओर एनडीएक विजयक लेल, हमर समर्पित कार्यकर्ता लोकनि पूरा ऊर्जाक संग जुटि चुकल छथि। एहन कर्मठ कार्यकर्ता लोकनि सँ संवाद, सदिखन नव–प्रेरणा दैत अछि।

———————————————————————————

महागठबंधन राजदक नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कँ विधानसभा चुनावक लेल मुख्यमंत्री पदक उम्मीदवार घोषित कयलक अछि। कांग्रेसक चुनाव पर्यवेक्षक आओर राजस्थानक पूर्व–मुख्यमंत्री अशोक गहलोत आइ पटना मे आयोजित एकटा संयुक्त संवाददाता सम्मेलन मे एकर घोषणा कयलनि। एहि अवसर पर महागठबंधनक सभटा सातो घटक–दलक वरिष्ठ नेता मौजूद छलाह। श्री गहलोत कहलनि जे जौं महागठबंधनक सरकार बनैत अछि तऽ वीआईपीक प्रमुख मुकेश सहनी कँ उप–मुख्यमंत्री बनाओल जायत। संगहि एकटा अन्य उप–मुख्यमंत्री सेहो बनाओल जायत।

जखनकि एखन धरि एनडीए मे मुख्यमंत्रीक चेहरा कँ लऽकऽ स्थिति स्पष्ट नहि अछि।

———————————————————————————

भारतीय जनता पार्टी महागठबंधनक आलोचना करैत एकरा अत्यंत कमजोर गठबंधन बतयलक अछि। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ बातचीतक दरमियान पार्टीक वरिष्ठ नेता रविशंकर प्रसाद कहलनि जे महागठबंधन जाहि तेजस्वी प्रसाद यादव कँ अपन मुख्यमंत्री पदक चेहरा घोषित कयलक अछि, ओकरा पर लैंड फॉर जॉब भ्रष्टाचार मामिला मे आरोप तय भऽ चुकल अछि। श्री प्रसाद कहलनि जे तेजस्वी प्रसाद यादवक पिता आओर राजद अध्यक्ष लालू प्रसाद कँ चारा घोटाला मामिला मे बत्तीस वर्षक सजा सुनाएल जा चुकल अछि। संगहि हुनक माता आओर अन्य सगा–संबंधी सभ पर सेहो भ्रष्टाचारक मामिला अछि।

---

जदयू महागठबंधन द्वारा एनडीए मे मुख्यमंत्री पदक चेहरा कँ लऽकऽ स्थिति स्पष्ट नहि हेबाक सवाल पर कहलक जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक नेतृत्व मे चुनाव लड़ल जा रहल अछि। पार्टीक वरिष्ठ नेता के.सी. त्यागी कहलनि जे नीतीश कुमारक नेतृत्व पर पार्टीए टाक नहि, एनडीएक सभ घटक–दल सभ कँ पूर्ण विश्वास छैक।

---

विधानसभा चुनावक दोसर आओर अंतिम चरणक लेल नामांकन वापसीक समय–सीमा आइ समाप्त भऽ गेल। एहि चरणक लेल दू हजार छओ सय सँ बेसी नामांकन पत्र दाखिल भेल छल। हमर संवाददाता बतौलनि जे कटिहारक प्राणपुर आओर नवादाक वारिसलीगंज सँ कांग्रेस प्रत्याशी अपन पर्चा वापस लऽ लेलनि। ओतहि, मधुबनीक बाबूबरही सँ वीआईपी उम्मीदवार अपन नामांकन पत्र वापस लऽ लेलनि अछि। एम्हर, सीतामढ़ी निर्वाचन क्षेत्र सँ जनसुराजक मोहम्मद जियाउद्दीन खान अपन नामांकन पर्चा वापस लऽ लेलनि अछि। दोसर चरणक तहत एगारह नवम्बर कँ बीसटा जिला सभक एक सय बाईस निर्वाचन क्षेत्र सभ मे मतदान हेबाक अछि।

---

विधानसभा चुनावक लेल चुनाव प्रचार अभियान तेज भऽ गेल अछि। भाजपाक अध्यक्ष जे.पी. नड्डा आइ औरंगाबादक गोह आओर वैशालीक पातेपुर मे चुनावी–सभा सभ कँ संबोधित कयलनि। श्री नड्डा कहलनि जे बिहार जंगल–राज सँ मुक्त भऽ चुकल अछि। ओ कहलनि जे ई चुनाव **विकास बनाम विनाश** अछि, जाहि मे भाजपा विकासक वाहक अछि, जखनकि महागठबंधन विनाशक प्रतीक। श्री नड्डा केंद्र आओर राज्य सरकारक उपलब्धि सभक चर्चा करैत लोकसभ सँ एनडीए प्रत्याशी सभक समर्थन मे मतदानक अपील कयलनि।

एम्हर, जदयूक राष्ट्रीय अध्यख आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ सारण जिलाक मकेर मे एकटा जनसभा कँ संबोधित कयलनि। ओ कहलनि जे केंद्रक सहयोग सँ बिहार निरंतर प्रगतिक पथ पर आगु बढ़ि रहल अछि।

---

निर्वाचन आयोग बिहार विधानसभा चुनाव मे मतदाता–जागरूकताक लेल चिरैयां कँ राज्यक आधिकारिक शुभंकर घोषित कयलक अछि। राज्य स्तरीय प्रतियोगिताक माध्यमे एहि शुभंकरक चयन भेल अछि। मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी विनोद सिंह गुंजियाल आइ पटना मे शुभंकरक अनावरण कयलनि। श्री गुंजियाल कहलनि जे जाहि तरहें एकटा चिरैयां सभदिन

प्रातःकाल नव ऊर्जा आओर आशाक संग उड़ान भरैत अछि, ओहि तरहें ई शुभंकर सभ मतदाता सभ कँ मतदानक लेल प्रेरित करत।

———————————————————————————————

भरदुतिया आओर चित्रगुप्त पूजाक त्योहार आइ हर्षोल्लासक संग मनाएल जा रहल अछि। कार्तिक मासक शुक्ल पक्षक द्वितीया तिथि कँ मनाएल जायबला भरदुतिया कँ यम–दुतिया सेहो कहल जाइत अछि। ई पर्व भाईयक प्रति बहिनक स्नेह कँ अभिव्यक्त करैत अछि आओर बहिन अपन भाईयक खुशहालीक कामना करैत अछि। एम्हर, राजधानी पटना समेत प्रदेशक विभिन्न हिस्सा सभ मे पूरा विधि–विधानक संग चित्रगुप्त पूजा सेहो कयल जा रहल अछि।

———————————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ एफएम रेनबो पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।